**SUMMARY**

The article deals with the analysis of artistic deseription of human problems in Uzbek literature and individual creative peculiarities of writers. The object of thoretical and practical analysis was the creative work of the famous Uzbek poet A.Oripov.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ЛИРИКАЛЫҚ ПОЭМАСЫНЫҢ ЖАНРЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

(Х.Дәўлетназаров ҳәм О.Сәтбаевлардың шығармалары мысалында)

**М.Нуржанов** –*10.00.12-қарақалпақ әдебияты қәнигелигиниң таяныш докторанты*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** қорақалпоқ поэмаси, лирик поэма, проблематика, қиёсий-типологик таҳлил, қаҳрамон образи

**Ключевые слова:** каракалпакская поэма, лирическая поэма, проблематика, сравнительно-типологический анализ, лирический герой

**Key words:** Karakalpak poem, lyric poem, problems, comparative-typological analyses, lyric hero.

1980-жыллардың аяғы ҳәм 1990-жыллардың басына келип басқа жанрлар сыяқлы қарақалпақ поэмасы да идеялық-тематикалық, жанрлық-стильлик, көркемлик жақтан ғәрезсизлик идеологиясы, улыўма инсанийлық қәдириятлар тийкарында раўажлана баслады. Буны биз И.Юсупов, Ҳ.Айымбетов, К.Каримов, Ж.Избасқанов ҳ.т. басқалардың шығармаларынан айқын көре аламыз. И.Юсуповтың бул дәўирдеги поэмалары бойынша бир қанша мийнетлерде дыққатқа ылайық пикирлер билдирилген [1]. Биз мақаламызда 1990-жыллардағы қарақалпақ лиро-эпикалық поэзиясының раўажланыўына белгили үлес қосқан Х.Дәўлетназаров ҳәм О.Сәтбаевлардың «Ийесиз журт» [2], «Өмир толғаныслары» [3] шығармаларын таллаў арқалы усы дәўир қарақалпақ поэмасының жанрлық өзгешелигин, тийкарынан лирикалық поэманың жанрлық қәсийетин изертлеўди өз алдымызға мақсет етип қойдық.

Аты аталған шығармалар көтерген мәселелериниң әҳмийетлилиги, көркем қунының жоқарылығы, өзине тән көркемлик қәсийетлери бойынша айрылып турады. Бул поэмалар ҳаққында гейпара пикирлер айтылған [4].

Әдебиятшы Қ.Жәримбетов [5] XIX әсир қарақалпақ әдебиятындағы лирикалық поэма жанрының өзгешелиги туўралы: «Лирикалық поэма-сап лирикалық шығарма. Онда эпикалық элементлер (кишигирим ўақыялар, эпизодлар) ушырасады, бирақ олар шығармаға эпикалық тийкар бола алмайды, олар тек лирикалық сезимлерди, лирикалық ой-пикирлерди оятатуғын көркем қурал болып хызмет етеди»,-деп жазады [5:108]. Автор өз пикирин даўам ете келип: «Лирикалық поэмада көбинесе үлкен тарийхый ўақыялар, жәмийетлик қубылыслар лирикалық ойлаўға, пикирлеўге өзек болады, олар эпостағыдай ямаса лиро-эпостағыдай анық ямаса детальластырылған түринде сүўретленбейди, ал жыйнақластырылған, улыўмаластырылған түринде кеўил сезимлеринен, ой елегинен өткерилип бериледи» [5:108],-деген әҳмийетли пикирлерди ортаға таслайды. Сондай-ақ белгили әдебиятшы бул жанрда тема, идея, ҳәдийсе баянлап бериў жолы менен емес, ал шайырдың ҳақыйқатлыққа қатнасын, көзқарасларын, оннан алған тәсирин баянлаў тийкарында бериледи, [5:178]-деген пикирди де билдиреди. Белгили әдебиятшының бул теориялық пикирлерине сүйенип 1990-жыллардағы қарақалпақ лирикалық поэмасын таллаў бизге бир қанша әҳмийетли илимий жуўмақлар ислеўге имкан береди деп ойлаймыз.

Х.Дәўлетназаров ҳәм О.Сәтбаевлар өз шығармаларында бизди қоршаған орталықты, тәбиятты қорғаў қусаған глобал машқалаларды көтере отырып, оларға деген авторлық қатнасты, авторлық көзқарасты сәўлелендириў мақсетинде лирикалық сүўретлеўлерден шеберлик пенен пайдаланады. Бул еки шайырдың поэмаларында да лирикалық қаҳарман балалық гезлери аўыл әтирапында жалаңаяқ жуўырған күнлерин еске түсиреди. Еки шығармада да оқыўға түсиў, өнер үйрениў ушын қалаға кетип қалған лирикалық қаҳарманлардың кейин ала әбигер аўҳалға түскен аўылларын көргендеги аянышлы сезимлерине автор дыққат қаратады. Туўылған жерге деген бундай сағыныш сезимлери артында автор турғанлығын сезиў оқыўшыға ондай қыйынға түспейди.

Х.Дәўлетназаров ҳәм О.Сәтбаев поэмаларында, белгили әдебиятшының мийнетинде көрсетилгениндей, кишигирим ўақыялар, эпизодлар автордың лирикалық сезимлерин, лирикалық ой-пикирлерди бериўге хызмет ететуғынлығын көриўге болады. Мысалы, «Ийесиз журт» поэмасындағы:

Мен аўылдан кеттим ертерек,
Мәгар… Қуры шаптым далаға.
Турмыс соны еткенди зәрүр,
Соң, иним де көшти қалаға [2:202].

Ал, О.Сәтбаевтың «Өмир толғаныслары» поэмасында:

Түскен жерде «Аралбай жап»тан,
Жүрегимде басланар қуйын.
Қыснақ жерде, тум-тусы пахта,
Мүлгир мениң ысқынсыз үйим [3:28]-деген қатарларды оқыў арқалы биз бул пикирлердиң дурыслығына исеним ҳасыл қылыўға болады.

Еки поэмада да лирикалық қаҳарманлардың туўылған аўылының бундай көрениш, әбигер ҳалатын көргенде пайда болған кеўилсиз сезим ҳәм ойларына баслы дыққаттың қаратылыўы автордың ҳақыйқатлыққа қатнасын, көзқарасын анықлаўға имкан береди. Бул нәрсе аты аталған шығармалардың авторларының көркем концепциясы менен байланыслы. Өйткени қоршаған орталықтың экологиялық жағдайының кескин төменлеўи, инсан баласының әтирапқа хожасызларша қатнасы себепли аянышлы ҳалатқа түскен туўылған аўылының жағдайы шайырларды ләрзеге салады. Бундай жағдайдан қалай шығып кетиўди билмей авторлар өз дәртлерин тек қағазға түсириў менен ғана әўере. Усы көзқарастан «Ийесиз журт»тағы оқыўшыға деген эмоционаллық тәсири күшли мына қатарлар оқыўшы дыққатын өзине дәрриў-ақ тартады:

Кексе Анамды, қарындасымды,
Үйдиң аўыр дәскесин алып,
Көшти…
бизиң «Қутлы аяғымыз».
Барған жерде жүрди таланып.
Кетип қалып жүрди аўылға,
Оған ҳеш ким дыққат бөлмеди.
Абзал көрип ески мәканды,
Бир күнлери… қайтып келмеди [2:202].

Демек, келтирилген мысаллардағы сюжетлик детальлар объектив сыпатқа ийе болғаны менен де, оларды шайыр лирикалық қаҳарманның жүрегинен өткерип сүўретлеген. Биз жоқарыда силтеме берген теориялық әдебиятта көрсетилгениндей поэмадағы кишигирим эпизодлар, сюжетлик детальлар лирикалық сезимлерди, лирикалық ой-пикирлерди раўажландырыўға түрткиси хызметин атқарып тур. Демек усы көзқарастан Х.Дәўлетназаровтың «Ийесиз журт» шығармасы лири-

калық поэманың жанрлық талабына сай етип жазылған. Буның үстине автордың өзи өсип-өнген үйи пәтигине хәр жылы уя салатуғын қарлығашларға, бир ўақытлары пайызлы болған бағына, ондағы мийўа дарақларына деген жыллы сезимлерин терең психологиялық толғаныслар арқалы сәўлелендириўи де шығарманың усы жанрдың талабына сәйкес келетуғынлығын және бир мәртебе дәлиллейди. Қараңыз:

Хәр бәхәрде келер қарлығаш,
Шийлеўсиз сол дәлизимизге.
Баўыр басып қалып-ек, бирақ,
Көшкен ўақта ермеди бизге.
Өкиништиң қурсаўы қалың,
Ишки туйғым етиледи паш…
Үнсиз-түнсиз қалды бағымыз.
Ермеди ғой… бирде-бир ағаш,
Сырлас, қыймас деп жүрсек
олар,-
Тек, жерге бас ийеди екен-аў.
Сол топырақты бизден де көре,
Ҳақ, ҳақыйқый сүйеди екен-аў? [2:202-203].

Демек, поэмада автор тәбият көринислери менен ҳайўанатлар образларын деталластырып, жанландырып сүўретлеў арқалы лирикалық қаҳарман образының тәсиршең, шебер түрде жасалыўына ерискен. Қарлығаш пенен дарақты параллель қойып сүўретлеў арқалы әҳмийетли жуўмақ ислеў шеберлиги шығармада дәрриў-ақ көзге тасланады. Бул көркем сыпат Ҳ.Дәўлетназаров поэмасындағы өзине тән өзгешеликтен дәрек береди. Шығарманың бундай орынларында автордың лирикалық сүўретлеўлерди иске қосыўдағы шеберлигин аңлаў қыйын емес. Демек бул нәрсе белгили дәрежеде «Ийесиз журт» шығармасының өзинге тән жанрлық өзгешелигин көрсетип турса, екиншиден жағынан, лирикалық сүўретлеўлердиң поэмадағы көркем образды тереңлестириўдеги хызметиниң де үлкен екенлигин аңлатып турады. Шығармадағы усындай көркемлик қәсийетлер кем-кемнен елеўли түс алып, автордың қоршаған турмыс ҳәдийселерине деген гуманистлик қатнасын сәўлелендириўге хызмет етеди. Қараңыз:

…Сийрексипти «Майда жийде»миз,
Киятырман, қолымда балтам.
Көп қырқылып, шабылған таллар,
Болып қапты-аў, дым гене жалтаң!
Хабарласпас биз бенен енди.
Дүңкийисип гөне түбирлер.
Ағаш түўе адамларды да,
Тәғдир деген, аяўсыз бирлер! [2:203].

Демек, аўылда қараўсыз қалып, шетинен отқа жағылып атырған мийўе дарақларын, талларды, ҳәтте жийделерди автордың тап тири инсанлардай етип жанландырып сүўретлеўи шығарманың оқыўшыға деген эмоциональлық тәсириниң артыўына хызмет етеди. Булардың барлығы оқыўшыны терең ойға шүмдиретуғынлығы, тәбият қубылысларына деген гуманистлик қатнасқа шарлайтуғынлығы, инсан баласының қурамалы тәғдири, экологиялық дағдарыс туўралы ойландырыўға ийтермелейтуғынлығы сөзсиз. Бул болса өз гезегинде «Ийесиз журт» поэмасының социаллық-жәмийетлик, турмыслық әҳмийетин де белгилеп береди деген сөз.

О.Сәтбаевтың «Өмир толғаныслары» поэмасында болса инсан баласының қоршаған орталыққа деген парықсыз қатнасының ақыбети автор тәрепинен және де өткирирек, және де тәсиршеңлеў формада сүўретленген. Аўыл турмысындағы шешилиўи тийис социаллық машқалалар туўралы автордың ашықтан-ашық жазыўы оның позициясының анықлығынан дәрек береди. Аянышлы ҳалатқа түскен туўылған жер көриниси лирикалық қаҳарманды ләрзеге салады. Қараңыз:

Соның менен алғәрез сөйтип,
Жоқ етилди дүт тоғай демде.
Зәўлим таллар саўлатын жойтып,
Орын берди «алтын егинге».
Қыршын кеткен бийшара таллар,
Зар еңиреп жатты-аў сонда.
Ал, «ләккибай» минген ағамлар,
Қызыл орден тақты-аў сонда [3:37-38].

Демек, О.Сәтбаев поэмасында инсан баласының тәбиятқа қатнасы Х.Дәўлетназаров поэмасына салыстырғанда бираз өткирлеў формада сүўретленген. Мәселен, автордың социаллық мәселелерге қатнасы туўрыдан-туўры, ашықтан-ашық бериледи. Ал Х.Дәўлетназаров поэмасында болса авторлық позиция лирикалық сүўретлеўлердиң рәңбе-рәңлиги жәрдеминде сәўлеленеди. Деген менен, еки шығарманы бирлестирип турған бир көркемлик қәсийет бар: ол да болса лирикалық қаҳарманның тәбиятқа, экологияға деген жанашырлық сезимлериниң, гуманистлик қатнасларының жақынлығы болып табылады.

О.Сәтбаевта проблематиканы бираз өткирлеў формада қойыўға умтылыс күшли. Усы себепли болса керек, «Өмир толғаныслар»ында автордың ўақыяларды шийеленистирип, өткирлестирип сүўретлеўи аттанаңық көзге тасланады. Бул нәрсе шығармада салмақлы социаль-жәмийетлик проблемалардың ортаға тасланыўы менен байланыслы.

О.Сәтбаев пахта монополиясы себепли жүзеге келген өмир картиналарын лиризмге толы деталлар менен сүўретлеўге шеберлик көрсеткен. Дефолация астында қалып уўланып, аўырыўға шатылған нәрестелердиң аянышлы жағдайын сүўретлеў арқалы автор шығармада өткир социаллық машқалаларды қойыўға ериседи. Мәселен, жалғыз сыйырын суўғарып, жылыстырып арқанламақшы болған әке өзи менен кишкене нәрестесин де алып кетиўге мәжбүр болады. Дәри сеўип жүрген самолёттың қатты ҳарылдаған сестинен қорқып кетип шоршынған нәресте жазылмас аўырыўға-руўхый кеселликке шатылады. Буны автор лиризм менен байытылған сюжет детальлары арқалы шебер сүўретлейди. Демек, үзик-үзик, эпизодлық характерге ийе турмыс ўақыяларының лирикалық сүўретлеўлер арқалы шебер байланыстырылыўы бир жағынан бул поэмалардың композициясының өзине тән өзгешелигинен дәрек берсе, екиншиден, ондағы көтерилген социаллық мәселелер автор позициясының өткирлигин аңлатып турады. Қараңыз:

Сол ант урған дефолиация,
Бир өмирди кетипти женшип...
Соннан берли бийшара бала,
Еле-еле шығады шоршып…,
Қустың келис-кетиси оған,
Ҳәр сапары аўыр кешеди,
Сандырақлап, түс көрип жаман.
Уйқылы көз дала гезеди [3:43-44].

Демек, Ҳ.Дәўлетназаров ҳәм О.Сәтбаев поэмаларында шебер ислетилген лирикалық сүўретлеўлер, көркем деталлар дәўир шынлығын көркем шынлыққа айландырыўда, дәўир колоритин эмоциональ түрде сәўлелендириўде үлкен әҳмийетке ийе. Ал, «эмоциональлық» болса, атақлы теоретик алымлардың көрсетиўинше, лириканың баслы сыпатлы белгилериниң бири [6]. Буның үстине таллаўға тартылған поэмалардағы сюжетлик детальлар, лирикалық сүўретлеўлер турмыс ҳәдийселерин жанландырып, лирикалық қаҳарманның жүрегинен өткерип сүўретлеўге хызмет еткенлиги дыққатқа ылайық. Бул болса өз гезегинде поэмалардағы көркем образлардың тереңнен ашылыўына хызмет етеди. Поэмаларда келтирилген айырым кишигирим ўақыялар менен эпизодлар тек лирикалық сезимлерди, лирикалық ой пикирлерди ғана оятыўға хызмет етеди. Басқаша айтқанда олар аты

аталған поэмаларға эпикалық тийкар бола алмайды. Буның үстине кишигирим ҳәдийселер де, олардың артында турған идеялар да шығармалардың авторларының ҳақыйқатлыққа қатнасларын, көзқарасларын ғана сәўлелендириўге хызмет етеди. Булардың барлығы Х.Дәўлетназаров ҳәм О.Сәтбаевлардың биз таллап өткен шығармалары лирикалық поэма жанрының талабына сай жазылғанлығын аңлатады.

Жуўмақлап айтқанда, Х.Дәўлетназаров пенен О.Сәтбаевлардың таллаўға тартылған лирикалық поэмалары ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебиятын раўажландырыўға қосылған белгили үлес болып, оларды миллий лиро-эпикалық поэзия контекстинде еле де тереңирек изертлеў аты аталған жанрдың ашылмай атырған қырлары туўралы әҳмийетли илимий-теориялық жуўмақлар ислеўге жәрдем береди деп ойлаймыз.

**Әдебиятлар**

1. Базарбаев Ж. Даналығы гөззаллыққа уласқан шайыр. -Нөкис: «Билим», 2008; Пахратдинов Ә. ҳ.т.б. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Сабақлық. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011, 342-345-бб; Есенов Ж. Поэзия жулдызы. -Нөкис: «Билим», 2003.

2. Дәўлетназаров Ҳ. Дос болыў ҳәммениң қолынан келмес. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994.

3. Сәтбаев О. Дөңбекшиген дүньясаң. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995.

4. Пахратдинов Ә. ҳ.т.б. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Сабақлық. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011, 352-353-б.

5. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыўы тарийхы. -Нөкис «Билим», 2004.

6. Поспелов Г.Н. Теория литературы. –Москва: «Высшая школа», 1971.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ шоирлари Х.Даўлетназаровнинг «Эгасиз юрт», О.Сатбаевнинг «Ҳаёт ташвишлари» асарлари мисолида 1990-йиллар қорақалпоқ лирик поэмаларининг жанрий ўзига хослиги тадқиқ қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается изучению жанрового своеобразия каракалпакской лирической поэмы 1990-х годов на материале произведений Х.Даулетназарова «Земля без хозяина» и О.Сатбаева «Жизненные переживания».

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of genre peculiarities of Karakalpak lyric poem of 1990 on the material of the books. Land with out a master by Kh. Dauletnazarov by O.Satbaev.

## Г.НУРЛЕПЕСОВАНЫҢ «ҚУМАР АНА» ДӘСТАНЫНДА ТАРИЙХЫЙ ОБРАЗЛАРДЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Г.Оразбаева** - *қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетиниң студенти*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: образ, характер, тарихий шахслар, образ яратиш, бадиий усул.
**Ключевые слова**: образ, характер, историческое лицо, создавать образ, художественный метод.
**Key words:** image, character, historical person, to create an image, artistic method.

Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебиятында әдебий жанрлардың басым көпшилигинде бурыннан дәстүрге айланған тарийхый образлардың дөрелиўи айрықша итибар қаратады. Елимизге белгили талантлы шайыра ҳәм журналист Гүлнара Нурлепесованың дөретиўшилигине нәзер тасласақ, тарийхый образларды шебер сәўлелендиргенлигин көремиз. Оның «Қумар ана» (тарийхый дәстан) шығармасында қарақалпақ ҳаял-қызларының хақыйқый дилўарлығының, батырлығының тымсалы болған Қумар ана образы шебер ашылады. Тарийхтан белгили болған Айдос бийдиң генже иниси Мыржықтың ҳаялы ҳәм Ерназар бийди қарақалпақ халқының батыр перзенти етип тәрбиялаған Қумар ана Г.Нурлепесованың шығармасында тарийхый қаҳарман сыпатында поэзиялық қатарлар арқалы және де тереңирек ашып бериледи. Ўақыялардың избе – из баянланыўында, әсиресе шығармада тек ғана Қумар ана образы емес, Айдос бий, Мыржық, Ерназар сыяқлы тарийхый шахслардың характерлери ўақыялар шеңберинде көрсетилип барылыўында автордың шеберлиги көзге тасланады.

Г.Нурлепесова дәстанда Қумар ананың туўылыўы ҳәм тәрбияланыў ўақытларынан баслап сөз етеди. Бул жағынан халық аўызеки дөретиўшилигиниң бийбаҳа үлгилери есапланған дәстанлардағы батыр қызлар образының сүўретлениўине үнлес келеди. Мысалы:

Мың жети жүз сексенинде,
Тарийхтың өшпес күнинде,
Бир қыз дүньяға келипти,
Есенгелди мәҳремниң үйинде
Қумар қойды оның атын,
Дүзетип бар салтанатын,
Бетин қақпай өсирипти,
Бийик тутып инабатын. [2:73]

-деген қатарларда көриўге болады.

Сондай–ақ, Қумардың жаслайынан зийрек, заман сиясатынан хабарлы, ақ-қараны таныған, сөзлери шақмақтың тасындай, сын-сымбаты көрген көзди қуўандыратуғын болып камалға келиўи қосық қатарларында дәл сүўретленеди. Ел басқарған Айдос бийдиң иниси Мыржыққа Қумарды сорап келиўи, Қумар ҳәм Мыржықтың бирин-бири қәлеп, разылық бериўи төмендеги қатарларда көринеди:

Қыз еди ол тәрбиялы,
Ақыллы ҳәм де саналы.
Сонлықтан да оны Мыржық,
Өзине мүнәсип санады. [2:74]
Мыржық та болды төрели,
Палўандай ири денели,
Мәрт туўылған Қумардың да,
Жигитти кеўли қәледи. [2:75]

Шайыр Қумар ананың өмирлик яр таңлаўдағы зийреклигин көрсетиўи арқалы Мыржық образын тереңашып көрсетеди. Мыржықты тәрийиплеўдеги теңеўлери қарақалпақ дәстанлардағы батырларды еслетеди:

Жаўырынлары қақпақтай,
Билеклери тоқпақтай,
Нәзери өткир Мыржықтың,
Сөзлери еди шақмақтай. [2:75]

Халық еки жасқа ырза болып, шаңарақ тиклеўине пәтия береди ҳәм үлкен той болады. Бири-бирине жарасықлы жаслар татыў жасап, үлкен-кишиниң теңдей ҳәўесин келтирип, халыққа үлги болады. Олар сырттан қаншелли бахытлы көринсе де, өзи жасап атырған заманға кеўли толмайды. Шығармада автор буның себебин еки жастың халықты шын кеўилден сүйип, елиниң азатлығын тилейтуғынлығында деп көрсетеди. Ханның аяўсыз түрде салық салыўынан халықтың күн көрисиниң қыйынласып атырғаны Мыржық пенен Қумардың тынышын алады. Салық жыйнаўда олар бири ағасының, бири атасының ислерине кеўли толмайды. Мыржықтың «өзи атқа минбесе де» халық пенен бирге мақсетине жетиўди ойлаўы, бул исте Қумардың да оны қоллап - қуўатлаўы төмендеги қатарлар арқалы баянланады: